**MATA PELAJARAN : BASA SUNDA** **HARI / TANGGAL :**
**K E L A S : V (LIMA)** **W A K T U : JAM KE 2**

| No Absen | Nama Siswa | Nilai | Paraf Guru | Paraf Orang Tua |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

**I. Berilah tanda silang ( X ) pada salah satu huruf A, B, C atau D di depan jawaban yang benar!**

1. Paguneman dina basa Indonesiana sarua jeung ….
   A. pembicaraan
   B. bercakap-cakap
   C. membicarakan
   D. percakapan

2. "… si Edo kamari teu sakola?"
   Pikeun ngeusian titik-titik dina kalimah tadi, nyaéta ….
   A. saha
   B. iraha
   C. ku naon
   D. kumaha

3. Panyakit anu karasana tina irung nyaéta ....
   A. salésma
   B. diaré
   C. lieur
   D. eungap sesek

4. Edo : "..........…................"
   Danu : "Badé ka bumi Dayu."
   Kalimah pananya nu saluyu pikeun jawaban ka Edo, nyaéta ....
   A. Dan, kumaha geus cageur?
   B. Dan, badé ka mana?
   C. Dan, aya di mana?
   D. Dan, aya naon ka dieu?

5. Titenan paguneman ieu!
   Dayu : "Bu, abdi hoyong …. Aya naon waé réncangna?"
   Ibu : "Naha geuning Dayu bet nembé …. Dina lomari aya goréng témpé sareng pais lauk.
   Dayu : "Bu, upami Bapa nuju … ka mana?"
   Ibu : "Nuju ka Balé, ka Uwa Siti."
   Dayu : "Kumaha bu, Wa Siti teh tos …?"
   Ibu : "Alhamdulillah, ayeuna mah tos damang."
   Kecap-kecap nu saluyu jeung ragam basa nu digunemkeun tadi nyaeta ….
   A. tuang, emam, indit, waras
   B. dahar, tuang, angkat, cageur
   C. neda, emam, mios, damang
   D. neda, emam, angkat, damang *

6. Mana kalimah nu merenah tata krama basana?
   A. abdi subuh-subuh gugah
   B. abdi subuh-subuh hudang
   C. teras abdi siram
   D. tos kitu, abdi nganggo raksukan

7. Panyakit nu biasa nyerang genggerong nyaéta ….
   A. diaré
   B. rieut
   C. tipes
   D. batuk

8. Di handap ieu nyaéta ngaran tanaga kaséhatan, iwal ….
   A. paraji
   B. suster
   C. mantri
   D. pamayang

9. Ari kakara cageur mah, leuwih hade ulah waka digawé beurat, bisi….
   A. kateuhak
   B. kacugak
   C. kadupak
   D. karugrag

10. Kadaharan nu kakebulan jeung kaeunteupan laleur, bakal ngakibatkeun ....
   A. panon ruksak
   B. sirah lieur
   C. nyeri panon
   D. nyeri padaharan

**Titénan paguneman ieu keur ngajawab soal nomor 13-15!**

Ibu : "Lani keur diajar, nya? Naha maca bukuna bet di nu poék atuh?"



LIVEWORKSHEETS

Lani : "Muhun Bu, ieu nuju ngalebetan PR basa Sunda sareng Matématika. Namung da sanaos poék ge Lani mah tiasa maos."

Ibu : "Muhun Lani sae ari diajrna mah. Mung teu kenging sok dibiasakeun maca di nu poék kitu atuh!"

Lani : "Naha bet teu kenging maos di nu poék, Bu?"

Ibu : "Lani, upami maos di nu poék téh engké kana socana enggal reksak. Pan cahaya nu "diserap" ku soca urang teu angger. Ku kituna lami-lami mah soca teh reksak. Kitu tah, Lan."

Pilih B (bener) atawa S (salah) di na kalimah wawaran nu cocok ieu!

| No. | Kalimah Wawaran | B | S |
|---|---|---|---|
| 13. | Lani keur maca koran | | |
| 14. | Lani dicarék ku ibu kusabab maca bari sasaréan | | |
| 15. | Lamun urang lalajo télévisi deukeut teuing, bakal ngakibatkeun sirah lieur | | |

**II. Isilah titik-titik berikut!**

**17. Titenan pupuh ieu!**

Mungguh hirup di dunya masing alakur
Silih asah silih asih
Silih rojong silih asuh
Sangkan tingtrim ieu nagri
Raharja tangtos karaos

Padalisan katilu diwangun ku … engang, guru laguna nyaéta ….

18. Kuring boga baju warna hideung.
Abdi … baju warna hideung.

19. Seureuh matak kuat kana huntu. Ku kituna nu sok rajin nyeupah mah langka anu nyeri ….

20. Salesma, kangker, jeung eungap sesek nyaéta ngaran rupa-rupa ….



LIVEWORKSHEETS